



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 31/8/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEKLARASYON KATASTWÒF POU 24 KONTE ATRAVÈ ETA NEW YORK POU EDE AGRIKILTÈ SECHRÈS LA TE AFEKTE YO**

***Konte Western New York, Finger Lakes, Central New York ak Southern Tier yo Antre nan Deklarasyon pou Otorize Agrikiltè yo pou Kalifye pou Prè Ijans yo***

***Demand Lòt Konte yo Ankou***

***Delege Agrikilti Eta a, Lidè Eta yo Fè Tou Chan Agrikòl yo nan Rejyon ki Afekte yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gouvènman federal la te deziyen 24 konte atravè Rejyon Nò New York la antanke yon zòn katastwòf natirèl nan kad sechrès sezon ete sa. Deziyasyon sa yo vle di agrikiltè nan rejyon sa yo ka kalifye pou èd, ki enkli prè ijans ki soti nan Biwo Sèvis Agrikòl Ministè Agrikilti Etazini an (United States Department of Agriculture Farm Service Agency). Anplis, Delege Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, lejislètè eta yo ak lòt dirijan agrikòl yo ap fè evalyasyon sou plas nan fèm sechrès afekte yo, pandan eta a ap travay etwatman ak ekspè idwològ ak pwofesè meteo Cornell University yo pou ede konprann epi etidye pèspektiv rekipèrasyon yo.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Yon agrikilti ki solid enpòtan pou dinamik Rejyon Nò Eta New York la e sezon ete cho epi sèk ane sa te kreye defi ki enpòtan pou sektè krisyal sa. Soti nan Werstern New York rive nan North Country, kiltivatè ak pwodikètè New York yo se pi gwo operatè ekonomi nou an e nou pa ka mezire benefis yo pote nan ekonomi an. Nan moman difisil sa yo, nou dwe asire ke yo genyen aksè konplè a tout resous ki nesèsè pou pèmèt gen yon rekipèrasyon ki konplè.”

**Sekretè Agrikilti Etazini an, Tom Vilsack, te di:** “Kè nou ale vè agrikiltè ak pwopriyetè ranch ki afekte pa sechrès la nan New York. Prezidan Obama ansanm avèk mwen angaje pou asire agrikilti a rete yon pwen fò nan ekonomi peyi nou an lè nou soutni siksè agrikiltè, pwopriyetè ranch ak kominote riral Ameriken yo nan moman difisil sa yo. N ap di pwodikètè New York yo tou ke USDA (United States Department of Agriculture: Ministè Agrikilti Etazini) an ap kanpe ak kominote nou yo lè move tan ak dezaz natirèl menase entèwonp mwayen egzistans nou.”

Deklarasyon pou katastwòf la baze sou rapò pèt rekòt ki fèt bay Biwo Sèvis Agrikòl federal la ak deziyasyon D3 [Kontwòl Sechrès Ameriken an \(U.S. Drought Monitor\)](#). Gouvènman federal la te deklare 15 konte kòm rejyon dezaz natirèl ak nèf lòt konte kòm konte ki kole ak konte katastwòf yo akòz sechrès ki sot pase a. Anplis, plizyè lòt konte nan North Country, rejyon Finger Lakes, Central New York, ak Southern Tier yo mande deklarasyon katastwòf prensipal tou.

Dapre deziyasyon sa, konte prensipal yo genyen ladan yo Western New York, Finger Lakes, Central New York, ak Southern Tier e yo enkli:

#### Western New York

- Erie
- Niagara

#### Finger Lakes

- Genesee
- Livingston
- Monroe
- Ontario
- Seneca
- Wyoming
- Yates

#### Central New York

- Cayuga

#### Southern Tier

- Chemung
- Schuyler
- Steuben
- Tioga
- Tompkins

Gouvènman federal la nome nèt konte tou nan Finger Lakes, Western New York, Southern Tier, ak Central New York kòm konte ki kole ak konte katastwòf yo. Yo gen

ladan:

### Western New York

- Allegany
- Cattaraugus
- Chautauqua

### Southern Tier

- Broome

### Central New York

- Cortland
- Onondaga
- Oswego

### Finger Lakes

- Orleans
- Wayne

Anplis, Ministè Agrikilti ak Mache New York la ap kontinye travay ak patnè li yo pou kontwòle sityasyon sechrès la ak efè li yo sou chan agrikòl New York yo nan konte sa yo ak lòt konte atravè Eta a ki enkli, North Country, Rejyon Kapital la ak nan Long Island. Ministè a ap fè tou fèm ki afekte yo tou nan Western New York, North Country ak Southern Tier.

Yon deziyasyon pou katastwòf rann operatè agrikòl nan konte prensipal ak konte ki kole ak konte sa yo kalifye pou yo konsidere yo pou sèten èd ki soti nan Biwo Sèvis Agrikòl la, depi yo reponn a kondisyon pou kalifye yo. Èd sa enkli prè ijans. Agrikiltè nan konte ki kalifye yo genyen uit (8) mwa apati de dat deklarasyon katastwòf la pou aplike pou prè ijans yo.

Biwo Sèvis Agrikòl la konsidere chak aplikasyon pou prè ijans dapre enpòtans pèt pwodiksyon fèm nan ak kapasite sekirite ak kapasite pou repeye operatè a genyen. Biwo FSA lokal la ka founi agrikiltè ki afekte yo plis enfòmasyon. Ou ka jwenn enfòmasyon kontak biwo yo [isit la](#).

**Delege Eta a Richard A. Ball te di:** "Akoz manke lapli, nou wè sezon ete sa te prezante defi ki grav pou chan agrikòl nan rejyon eta a. Alòske li twò bonè pou n di kisa enpak jeneral la ap ye, foraj, zèb sèch, mayi ak sereyal pou nourri bèt yo nan sezon ivè a gen chans pou afekte, alò li enpètan pou yo deklare konte sa yo kòm zòn katastwòf pou yo ka aplike pou èd yo ka bezwen an. N ap kontinye ankete sou fèm atravè Eta a e n ap ankouraje agrikiltè nou yo kontakte nou oubyen FSA a si yo genyen kesyon."

**Prezidan Komite Agrikilti Sena a, Senatè Patty Richie te di:** "Sezon ete sa pi cho ke dabitid, klima sèk la te domaje rekòt yo gravman epi lakoz pèt benefis pou agrikiltè k ap travay di nou yo atravè eta a, ki enkli anpil nan rejyon mwen reprezante a. Akoz kondisyon arid ki sot pase yo, agrikiltè nou yo bezwen èd—e mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske li rekonèt sa. Deklarasyon pou katastwòf sa se yon kòmansman nan aksyon pou bay agrikiltè yo èd yo bezwen pou rebondi apre sechrès ravajè a, e mwen enpasyon pou deziyasyon sa pwopaje nan lòt konte ki afekte yo—ki enkli Konte Jefferson—pou agrikiltè nou yo ka kontinye kontribye nan kwasans endistri lidè sa nan New York."

**Prezidan Komite Agrikilti a, Palmantè Bill Magee te di:** "Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Delege Ball pou enkyetid yo pandan moman difisil epi enprevizib sa pou agrikiltè atravè Eta a. Yo t ap travay nan patenarya ak patnè endistri agrikòl nou yo pou ede agrikiltè yo rete enfòme epi repòte pèt yo, pou asire yo ka pwofite de èd federal ki disponib nan sikonstans ekstrèm tankou sa yo."

**Prezidan Biwo Agrikòl New York la, Dean Norton te di:** "Biwo Agrikòl New York la kontan ke Sekretè USDA a, Vilsack te aji rapidman epi te rekonèt enpak sechrès sezon eta sa te genyen sou agrikiltè nou yo nan New York. Anpil nan agrikiltè nou yo nan rejyon ki afekte yo nan bezwen pou jwenn èd pou manje, dlo ak lòt resous. Deklarasyon sa se premye etap nan travay nou pou agrikiltè sa yo jwenn èd nan moman nesosite yo."

Ministè Agrikilti ak Mache Eta New York la ansanm (New York State Department of Agriculture and Markets) ak Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo (Soil and Water Conservation Districts) li a, Biwo Agrikòl (Farm Bureau), Ekstansyon Kooperativ Cornell (Cornell Cooperative Extension) ak pwogram Eden Cornell la rekòmande ke agrikiltè sechrès la afekte yo ta dwe kontinye dokimante kondisyon yo (foto ak videyo), ak tout pèt yo. Agrikiltè yo ka depoze yon CCC- 576 (Avi sou Pèt) tou nan Biwo Sèvis Agrikòl USDA lokal yo a.

###